



Pou Piblikasyon Imedya: 13/09/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FINISMAN YON PWOJÈ RESTORASYON TÈ IMID
NAN ZÒN NÒ RIVYÈ NIAGARA KI KOUTE 4.3 MILYON DOLA**

***Finisman Make Dènye nan Uit Pwojè Amelyorasyon Abita NYPA te Pwomèt nan
Kad Akò Lisansman Pwojè Enèji Niagara li a***

***Pwojè Strawberry Island lan ap Sipòte Inisyativ Buffalo Billion II Gouvènè a, ak
Investisman pou Pwoteje Tè Marekaj yo, Amelyore Rivyè Niagara a epi Devlope
Sektè Touris la nan Rejyon Metwopolitèn Buffalo-Niagara a***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse finisman an yon pwojè restorasyon tè imid nan Strawberry Island, ki sitiye nan zòn nò Rivyè Niagara tou prè Buffalo, k ap koute 4.3 milyon dola, epi ki pral rajeni rezèv pwason ak bèt sovaj zile a yo. Pwojè a te konsantre sou sipò restorasyon ekolojik Rivyè Niagara a pou ogmante dirabilite anviwonman an, pandan l ap pwomouvwa endistri touris rejyon an ki kontinye ap devlope nan Rejyon Lwès New York la. Pwojè sa ki fini an ap make dènye faz inisyativ 13 milyon dola pou amelyorasyon anviwonman onivo rejyonal la, epi l ap ajoute sou investisman Gouvènè a te fè nan inisyativ Buffalo Billion II a.

“Nan kad angajman New York pran pou l pwoteje anviwonman an ak revitalize Rejyon Lwès New York la, nou ap investi nan prezèvasyon ak kilti sou zòn kòt atravè tout rejyon Buffalo-Niagara a yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Gran jan efò revitalizasyon kap fèt nan Strawberry Island lan yo ak nan abita ki ozanlantou li a yo, pral ede asire Rivyè Niagara rete yon lyen vital pou bèt sovaj ak yon atraksyon pou tout rejyon an pou anpil ane k ap vini ankò.”

“Angajman Gouvènè Cuomo kontinye pran anvè restorasyon resous ak bote natirèl Eta New York la yo ap fè New York vin yon destinasyon mondyal atiran”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Zile ki sou Rivyè Niagara a yo se yon eleman siyifikatif nan istwa nou ak nan kominote nou an isit la nan Rejyon Lwès New York la, epi Strawberry Island lan se yon eleman enpòtan nan efò prezèvasyon ak restorasyon anviwonman ak eritaj pou jenerasyon k ap vini an yo.”

Aprè dezan konstriksyon, yo te retire “bulldozer” ak “barge” yo nan lagon ki olaj zòn kòt Buffalo a yo, epi kounye a Strawberry Island vin gen yon pi gran abita pou plis zwazo, pwason ak plant yo fleri anba dlo tankou sou dlo. Y ap etabli twa pwen de ekta abita nan tè imid ak nan tè wo yo atravè yon pwogram plantasyon pandan plizyè ane.

Faz plantasyon pwojè sa a ki ankou la, yo prevwa k ap fini an 2018 lan, gen ladan enstalasyon ak antretyen ti pye bwa yo, flè sovaj ak vejetasyon akwatik nan sit yo fenk rekonfigire a, ansanm ak enstalasyon kèk mezi protektiv ak ranplasman pou espès pye bwa zòn nò a yo. Degre travay plantasyon ki pi resan yo pi vizib gras a barikab an plastik yo ki toujou la, yo te enstale pandan sezon kilti a pou pwoteje espès natif natal yo fenk plante yo kont kap, zwa, oswa lòt espès k ap plede manje yo lè yo grangou.

Lòt pwojè amelyorasyon k ap fèt nan abita yo anndan oswa sou bò zòn nò Rivyè Niagara gen ladan:

- Rekonstriksyon zòn kòt nan Motor Island lan, ki gen ladan travay siplemantè y ap planifye la a;
- De pwen zewo de ekta abita tè imid yo te restore sou rivyè a ant zile Strawberry Island ak Motor Island yo;
- Yon nouvo 3.2 ekta tè imid nan ti rivyè ki adjasan a zile Little Beaver Island lan;
- Estrikti atraksyon pwason nan kat lokalite nan Kanal Tonawanda rivyè a;
- Senk poto ak platfòm pou èg pechè yo fè nich yo;
- De sit kontwòl espès envaziv nan marekaj Tiff Marsh la nan Buffalo ak nan marekaj Buckhorn Marsh la nan Grand Island; epi
- Twa sit pou tèn pyègaren yo fè nich jis andeyò pò Buffalo Harbor la.

Sa se dènye nan uit pwojè amelyorasyon abita Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) te pwomèt y ap fè sou bò Rivyè Niagara nan kad relisansman federal Pwojè Enèji Niagara (Niagara Power Project) ane 2007 la. Anplis de amelyorasyon ki fini yo, NYPA pral founi fon ak sipò pou fonksyonman ak antretyen pou toule uit pwojè sa yo pandan dire 50 an lisans santral Niagara a.

Pwojè restorasyon an ap ajoute sou amelyorasyon Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la te deja fè nan abita yo avan, epi se yo menm ki te pèmèt ak sipèvizè travay k ap fèt kounye a yo. An kowòperasyon ak Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik eta a (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), premye faz pwojè a te fini an 2016, li te gen ladan dragaj ak ègzimasyon nan dlo plat yo epi kreyasyon yon zile devan lagon Strawberry Island lan pou redwi lanm yo ak ewozyon. Sa a te ede ankouraje kwasans tè imid ak plant akwatik yo. Yo te enstale bèj an wòch ak an tè nan bra lagon lan epi yo te mete enstalasyon ki fèt ak bout bwa ak an wòch pou yo ka plis anpeche ewozyon epi amelyore abita a.

“Strawberry Island se yon eleman entegral nan bò rivaj dlo Buffalo yo epi restorasyon anpil tè imid ak abita bèt sovaj yo ap ajoute yon lòt gran amelyorasyon ankò pou sante ekolojik zòn kòt vil la ak tout zòn nò Rivyè Niagara nèt”, **John Koelmel, ki se Prezidan, Konsèy Administratè NYPA, ak yon Rezidan Buffalo.** “Otorite Enèji New York la, ki te pwomèt amelyorasyon yo nan kad angajman alontèm yo te pran pou yo rebay nan kominote a, kontinye mete gwo priyorite sou pwoteksyon abita natirèl reyon nou an.”

“Otorite Enèji New York la te finanse epi reyalize travay enpòtan sa a pou restore yon abita akwatik presye ki kontribiye nan renouvèlman Rivyè Niagara a”, **se sa Gil C. Quiniones, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYPA, te deklare.** “Efò nou ap fè ansanm ak Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York la ak pati konsène nan kominote a yo gen pou objektif pou founi kondisyon nesèsè pou sipòte ak mentni kwasans plant ki pral atire pwason ak bèt sovaj yo vini rete la yo. Rezilta se yon ekosistèm byen ekilibre ki pral gen yon enpak pozitif sou zòn sa a nan Rivyè Niagara a ak sou kominote ozalantou l yo, k ap dire pou lontan.”

“Strawberry Island se kè ekolojik Rivyè Niagara epi pwojè restorasyon sa yo ap amelyore abita enpòtan sa yo pou yon bann seri espès pwason ak bèt sovaj ki depann de zòn enkwayab sa a”, **Komisè DEC a Basil Seggos te di.** “Mwen felisite NYPA paske l ap travay ak anplwaye DEC yo ak pati ki konsène onivo lokal yo pou antreprann pwojè enpòtan sa yo epi mwen atann pou m wè restorasyon sa a kontinye nan zòn lan ak avantaj ekonomik l ap pote yo.”

Senatè Eta a Chris Jacobs, te di, “Mwen vrèman kontan travay restorasyon ki enpòtan pou lavi sou zòn kòt Buffalo a fini. Zòn nò Rivyè Niagara a, ak Strawberry Island an patikilye, gen anpil potansyèl lwazi ak potansyèl ekonomik, epi amelyorasyon k ap fèt nan abita sa yo pral asire nou rete responsab fas a anviwonman an pandan nap pouswiv toulede alafwa nan ane k ap vini an yo.”

Manm asanble Sean Ryan te deklare, “Restorasyon k ap fèt nan abita sa yo sou bò Rivyè Niagara a pral ede pwoteje ak ankouraje kwasans anpil espès bèt sovaj enpòtan. Yon ekosistèm nan Rivyè Niagara ki an bòn sante epi k ap fleri enpòtan anpil pou avni ekonomi ble a. Mwen remèsye NYPA paske yo mete priorite sou pwojè eksitan sa a.”

Pwojè pou amelyore Strawberry Island lan se yon eleman enpòtan nan vizyon global Gouvènè a genyen pou l restore vitalite ekonomik rejyon an ak amelyore Niagara Falls, ak Rivyè Niagara ak tout rès Rejyon Lwès New York la.

Nan kad efò global eta ap fè pou pwoteje anviwonman rejyon an yo, Gouvènè a te pran angajman swivan sa yo nan bidjè ane sa a:

- **Fon Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Fund) Rekò, 300 milyon dola:** Pi gran kantite finansman nan istwa pwogram lan, investisman k ap fèt toupatou atravè eta yo gen ladan 41 milyon dola pou pwogram dechè solid yo, 86 milyon dola pou pak ak aktivite lwazi yo, 154 milyon dola pou pwogram anplennè yo, ak 19 milyon dola pou pwogram rediksyon ak adaptasyon chanjman klimatik la.
- **Niagara Gorge Corridor (Koulwa Niagara Gorge la):** Reklame 55 ekta Niagara Gorge Corridor pou prezève agrandisman espas vèt ki pi laj depi nan fen 19^{èm} syèk la.
- **Restorasyon Ekolojik:** Envesti jiska 1 milyon dola nan Niagara Gorge Corridor la pou konplete yon restorasyon ekolojik ki pral sipòte dirabilite Gorge la pou anpil jenerasyon k ap vini ankò.

Anplis de sa, Gouvènè a te [anonse](#) an Jen 2016 la, yon investisman 17 milyon dola pou amelyore, restore ak amenaje bote natirèl Park Eta istorik Niagara Falls la, sa k ap fè investisman eta ap fè nan Park Eta Niagara Falls la yo rive 70 milyon dola ototal.

Gouvènè a ap investi tou nan efò pou rekonekte kominote a ak bò rivaj dlo yo lè yo rekonfigire ansyen otowout vèt Robert Moses Parkway a, yo rele li Niagara Scenic Parkway kounye a. Nan kad pwojè Otowout vèt sa ki ankou a yo, yo ap devlope espas lib, kote pou moun wè panorama ak santye lwazi pou rann bò rivaj dlo yo pi aksesib pou rezidan, touris ak vizitè yo. Pwojè a te relye Vale Rivyè Niagara a ak Chit dlo a yo pou yo vin yon sèl destinasyon k ap pèmèt aksè a dlo a pi fasil.

W ap jwenn pwen makan nan inisyativ Buffalo Billion II a ak lòt investisman transfòmatif k ap fèt nan Rejyon Lwès New York la ki te nan Bidjè Eta a [isit la](#).

Pou plis enfòmasyon sou angajman NYPA anè amelyorasyon anviwonman nan kad relisansman li an yo, vizite www.nypa.gov. Swiv aktivite NYPA yo sou [Twitter](#), [@NYPAAenergy](#), [Facebook](#), [Instagram](#), [Tumblr](#) and [LinkedIn](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418